
Bhaibheri re vana

Rikukupai

# Murimi nembeu yake



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus

Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Alastair Paterson

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.


Rimwe zuva, Jesu akadzidzisa pedyo nerwizi. Vanhu vazhinji vakauya kuzomunzwa achitaura.
Jesu akanga achaita sei?


Jesu akaona chikepe chakanga chiri pedyo, achibva aenda kundomira mukati macho. Akakwanisa kuona vanhu vose vakanga varipo.



Jesu akabva atanga kuvataurira nyaya. Nyaya idzi dzaikwanisa kudzidzisa vanhu nekuda kwaMwari.



Jesu akataura nyaya yake nomufananidzo achiti, “Mumwe murimi akakanda mbeu dzake mumunda wake.”



Vanhu vakakwanisa kufunga murimi achiita zvakanga zvataurwa naJesu nokuti vakanga vazviona zvichiitika.



Dzimwe mbeu dakawira paruware, dzichibva dzadyiwa neshiri.





Dzimwe mbeu dzakawira pamatombo akanga ari mumunda. Asi zuva parakabuda, mbeu idzi dzakabva dzaoma nokuti midzi yadzo yakanga isina kupinda muvhu.


Dzimwe mbeu dzakawira pane minzwa. Hadzina kukwanisa kukura nokuti dzakashaya mvura nechikafu.




Asi dzimwe mbeu dzakawira paivhu rakanaka. Mbeu idzi dzakakura dzichibvva dzabereka michero. Murimi akafara zvikuru.



Paakapedza kutaura nyaya yake, vadzidzi vake vakauya vakati, “Indava muchidzidzisa nenyaya?”



Jesu akatsanangura kuti nyaya dzinobatsira kuti vanhu vazive pamusoro paMwari. Vanhu vanoda Mwari zvikuru vanokwanisa kunzwisisa nyaya dzake.



Jesu akatsanangura nyaya
yake achiti mbeu yakafanana
neshoko raMwari.




Mbeu yakawira paruware yakaita somunhu anonzwa shoko raMwari asi anotadza kunzwisisa.  Satani anoita kuti
vakanganwe mashoko aMwari.

Vamwe vanhu vanokurumidza kugamuchira shoko raMwari. Vakaita sembeu yakawira pamatombo. Kana munhu achinge auya kuzovaseka nokuda kwaMwari, chinhu chinosiririsa chinoitika.



Vanhu ava vakanga vachitenda kuna Mwari vanoregerera kuteerera shoko rake.  Ko nei vachida kufadza shamwari dzavo?



Minzwa munyaya yaJesu yakafanana nemabasa enyika nemari, zvinhu zvinotambudza vamwe vanhu. Vanoedza kuwana pfuma zhinji vachikanganwa kuti kuna Mwari.



Asi mbeu yakawira paivhu rakanaka ikabereka michero yakafanana neshoko raMwari rinoshandura upenyu hwomunhu anenge arigamuchira. Vanhu ava vanoshumira Jesu, uye vanomuremekedza.



Vanhu vazhinji havana kuda kudzokera. Vakada kutevera Jesu, uye vakada kumufadza. Nyaya yaJesu yakanga yavabatsira kuti vanzwisise kuteerera Mwari.



Murimi nembeu yake

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 13

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

# Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16